

**NASKAH SOAL BASA SUNDA
LATIHAN ASAJ SMP
SMP NEGERI 2 JATISARI**

A. PILIHAN GANDA

I. Pilih salah sahiji jawaban nu pangbenerna ku cara nyakra (X) aksara a, b, c atawa d!

(Baca téks ieu di handap pikeun ngajawab soal nomer 1 – 2)

*Lamun ulin ka Karawang,
rék ka emol Ramayana.
Lamun hirup hayang senang,
kudu getol diajarna.*

1. Dumasar kana téks di luhur, eusi sisindiran téh ngeunaan piwuruk
 - A. kudu hayang hirup senang
 - B. kudu getol diajar lamun hirup hayang senang
 - C. ulah loba ulin
 - D. ulah ngedul diajar
2. Dumasar kana téks di luhur, eusi sisindiran aya dina padalisan
 - A. kahiji
 - B. kadua
 - C. kahiji jeung kadua
 - D. katilu jeung kaopat

3. Baca sisindiran ieu di handap.

*Japati jeung manuk puter,
hiber ngadéngé kérétek.
Jalma teu bisa komputer,
disebutna jalma gapték.*

Nurutkeun sipatna, sisindiran di luhur kaasup kana

- A. sésébréd
- B. silih asih
- C. piwuruk
- D. tatarucingan

4. Baca sisindiran ieu di handap.
*Kamari mawa ragaji,
 ayeuna rék meuli kisa.
 Kamari urang ngahiji,
 ayeuna urang papisah.*
 Sisindiran di luhur kaasup kana sisindiran wangun
 A. rarakitan
 B. paparikan
 C. wawangsalan
 D. tatarucingan
5. Baca wawangsalan ieu di handap.
*Sato leutik sok ngajerit,
 kadé ulah dileuleungit.*
 Wangsal tina wawangsalan di luhur nyaéta
 A. beurit
 B. reungit
 C. jangkrik
 D. cacing

(Baca téks ieu di handap pikeun ngajawab soal nomer 6 – 8)

Dina waktos ieu, sim kuring seja biantara ngadugikeun jejer "Lembur Kuring Hirup Kuring". Pangapunten upami dina ieu kasempetan, sim kuring seja medar ieu jejer, sanés ku tiasa atanapi "kokolot begog", namung bakat ku nyaah ka sarakan. leu jejer téh teu kinten abotna saleresna mah, mung sim kuring badé nyobi-nyobi sakamampuhna. leu mah itung-itung ngiring jabung tumalapung, ngiring ngareuah-reuah étang-étang dogdog pangréwong.

6. Dumasar kana téks di luhur, bubuka ti nu biantara téh nepikeun ngeunaan
 A. jejer biantara nu arék ditepikeun nyaéta ngeunaan "Lembur Kuring Hirup Kuring"
 B. ménta dihampura ka hadirin yén biantara ngabahas masalah nu beurat
 C. rasa hutang budi ka tanah sarakan
 D. ngucapkeun salam jeung nyambut para hadirin
7. Téks di luhur téh dina biantara kaasup kana bagéan
 A. salam bubuka
 B. bubuka
 C. eusi
 D. panutup
8. Babasan "kokolot bolog" dina biantara di luhur hartina nyaéta
 A. teu boga kaéra
 B. ngagul-ngadul diri sorangan
 C. pipilueun kana urusan kolot
 D. alus budi parangina
9. Dina nepikeun biantara téh kudu jelas, henteu karagok atawa kudu
 A. tatag nyaritana
 B. aktual témana
 C. alus basana
 D. ngandung wirahma

10. Dina biantara sok aya mamanis basa, salasahijina paribasa. Ieu di handap nu kaasup kana conto paribasa nyaéta
- kokolot begog
 - amis budi
 - gedé hulu
 - mapatahan ngojay ka meri
11. “Jadi jalma ulah boga watek *adat ka kurung ku iga*”.
- Paribasa dina kalimah di luhur hartina nyaéta
- kalakuan goréng nu hésé dirobahna
 - hadé basa jeung hadé paripolahna
 - agul ku katurunan
 - gedé kawani

(Baca téks ieu di handap pikeun ngajawab soal nomer 12 – 14)

Dina hiji poé, basa Éson keur ngumpulkeun daun jagong, ti leuweung kadéngé sora nu moro bagong. Ka kebon tuluy aya sato anu lumpat diudag anjing. Singhoréng anak mencek. Éta anak mencek téh tigebrus kana lombang. Ku Éson jeung ku bapana, nyaéta Pa Yéyé, éta anak mencek téh ditéwak. Terus dibawa balik, da sukuna tatu urut digégél anjing.


Antukna mah éta anak mencek téh diingu ku Éson. Dingaranan Si Paser, ku lantaran luncatna tarik pisan, diibaratkeun kana paser anu ngabelesat tina sumpit. Éson tulatén pisan ngurusna téh. Atuh beuki lila Si Paser ogé beuki gedé. Luncatna ogé beuki luhur. Malah hiji waktu mah Si Paser bisaun kabur, sanggeus ngaluncatan pager buruan. Untungna bisa katéwak deui ku Éson, bubuhan geus lindeuk. Ngarah teu kabur deui, pager buruan téh ku Éson dijangkungan.

Dina hiji waktu, bapana Éson kadatangan jurutulis désa. Maksudna rék ngolongan sangkan Éson ngaleupaskeun deui mencek inguanana ka leuweung, ku sabab éta sato téh kaasup anu ditangtayungan ku undang-undang. Hartina teu meunang diingu. Mana komo diala mah.

(Tingkesan novél **Si Paser** karangan Tatang Sumarsono)

12. Tokoh utama dina éta sempalan novél nyaéta
- Pa Yéyé
 - Éson
 - Imas
 - Pa Ulis
13. Jejer utama dina sempalan novél nyaéta
- sato anu dikukut ti leuleutik kénéh
 - sato anu dikukut di pilemburan
 - budak anu ngukut sato mencek
 - budak anu henteu mikeun sato kukutanana dileupaskeun ka leuweung
14. Dumasar kana sempalan novél di luhur, mencek inguan Éson kudu dileupaskeun ka leuweung kusabab
- mencek cicingna di leuweung
 - mencek sato anu ditangtayungan ku Undang-Undang
 - ngingu mencek kudu boga idin heula ti pamaréntah
 - di leuweung mah mencek hirupna moal kaganggu

15. Wangun suhunan anu handapna kénca-katuhu leuwih mébér, dipapandékeun kana jangjang manuk julang anu keur ngalayang disebutna julang ngapak. Gambar suhunan julang ngapak di handap ieu nyaéta



16. Baca téks ieu di handap.

“Acara ka-1 anu didugikeun dina danget ayeuna téh nyaéta bubuka ku aosan basmalah, anu nembé parantos kalaksanakeun. Anu ka-2, maos ayat suci Al-Qur’an. Anu ka-3, biantara laporan kagiatan ti pupuhu panata calagara. Salajengna anu ka-4 biantara paturay tineung ti wawakil siswa kelas IX.

Cutatan di luhur mangrupa tugas panata acara nyaéta

- A. muka acara
 - B. nutup acara
 - C. ngajelaskeun runtuyan acara
 - D. nyambungkeun acara
17. Saupama meunang pancén jadi panata acara, aya sawatara hal anu kudu diperhatikeun, iwal
- A. kudu apal kana runtuyan acara
 - B. kudu apal saha waé anu bakal ngeusi acara
 - C. kudu apal kana durasi waktu unggal acara
 - D. kudu apal ngaran-ngaran anu hadir dina acara

18. Baca téks ieu di handap.

AMBU KASEM:

(Satengah ngomong sorangan.) “Ujang Ujang Na kumaha bisa soéh kieu. Mangkaning calana hiji-hijina. Emh”

UJANG:

(Bari maca buku.) “Har ari Ema, pan ceuk uing gé labuh, basa keur méngbal. Kumaha atuh, da lain dihaja.”

Ari nu ditulis maké tanda kekenteng dina cutatan naskah drama di luhur disebutna

- A. prolog
 - B. épilog
 - C. monolog
 - D. dialog
19. Anu teu kaasup kana unsur pangwangun naskah drama nyaéta
- A. babak jeung adegan
 - B. palaku
 - C. prolog jeung épilog
 - D. tata panggung
20. Mana kecap di handap anu kaasup kana kecap rajékan dwipurwa
- A. bapa-bapa
 - B. cukat-cokot

- C. sasapu
- D. bulak-balik

(Baca téks ieu di handap pikeun ngajawab soal nomer 21 – 22)

Tadarus dimimitian. Anu maca Qur'an piligenti, mapay nurutkeun tempat diuk. Waktuna sok leuwih ti sajam éta téh, da kudu anggeus sajuj. Yusuf gé kagiliran maca meunang dua lambar.

Bérés tadarusan téh satengah sapuluh. Terus waé bubar, kajaba anu rék ngendong di masjid. Yusuf ge sakapeung mah sok saré di masjid Balik-balik ka imah engké dina wancina rék saur.

Ka mana ari Opang, cék Yusuf dina haténa. Ti tatadi teu nonghol deui ka masjid, teu milu tadarusan. Boa terus balik ka imahna, kitu? Angger si Éta mah ari geus miheulaan balik teh.

Sangeus nyokot buku anu geus ditanda tangan jeung dicap ku pangurus DKM, sakalian jeung buku anu Opang deuih, Yusuf kaluar ti masjid. Ari pék dina handapeun empér masjid aya sendal Opang.

21. Saha palaku utama dina carita pondok di luhur
 - A. Yusuf
 - B. Opang
 - C. Ustad Muhtar
 - D. Pangurus DKM
22. Dumasar kana téks di luhur watek Yusuf nyaéta
 - A. ngedul
 - B. getol
 - C. hormat ka saluhureun
 - D. beuki saré
23. Di handap ieu conto kalimah anu maké **kecap pagawéan** dirarangkénan -ar- nyaéta
 - A. lamun rék lebaran harga barang sok ngadadak *marahal*
 - B. asa *haram pang* awak téh ari keur puasa mah
 - C. najan keur *rariéut* gé, sok maksakeun wé ka sakola
 - D. nu rék maén bal téh geus *daratang*

24. Gambar poster digigir mangrupa poster



- A. iklan produk
- B. iklan layanan masarakat
- C. iklan layanan negeri
- D. iklan biasa

25. Kasakit dina gugusi atawa dina biwir lantaran panas beuteung (loba teuing dahar lada jeung kakurangan vitamin C) disebut
 - A. éwateun
 - B. uuseupeun
 - C. barusuh
 - D. kotokeun

26.



Aksara Sunda di luhur upama di robah kana aksara latén dibaca ...

- A. hampang leungeun
 - B. hampang birit
 - C. runtut raut
 - D. handap asor
27. Dina nulis aksara Sunda rarangkén anu fungsina ngarobah sora dasar /a/ jadi /eu/ nyaéta
- A. panghulu
 - B. panyuku
 - C. pamepet
 - D. paneuleung

(Baca téks ieu di handap pikeun ngajawab soal nomer 28 – 29)

Nyunatan Jang Engkus

Ari itu di imahna Pa Rukmana mani ramé-ramé teuing, naha rék aya naon, nya? Tuh geuning, sémah mani ngalabring ti beurangna kénéh. Ka sorénakeun mah komo, beuki réa nu daratang téh. Barudak ogé pipilueun milu ramé.

Ih, kapan isukan téh rék meresihan Jang Engkus. Geus manjing tuda, pan ayeuna umurna téh geus nincak tujuh taun. Bubuhan rék nyunatan anak bungsu, hajatna ogé rada rongkah. Di buruan imahna ngahaja nyieun balandongan katut panggungna. Pan isuk téh rék nanggap kendang penca, terus peutingna disambung ku wayang golék.

Anu daratang ka imahna Pa Rukmana téh rék nyambungan. Aya anu méré kadaharan asakaneun; ti mimiti béas, kalapa, nepi ka hayamna pisan. Malah anu mawa suluh ogé aya, satanggungan. Lian ti éta aya deuih anu ukur marawa amplop. Tangtu waé lain amplop kosong, tapi geus dieusian duit. Ari gedéna mah kari kumaha sakadugana waé.

28. Anu teu kaasup kana kabiasaan dina nyunatan di antarana
- A. hajat rongkah
 - B. nyieun sasaungan
 - C. nanggap kendang penca
 - D. nyambungan
29. Sabaraha taun umumna budak lalaki geus manjing kana waktu disunatan
- A. tujuh taun
 - B. dalapan taun
 - C. salapan taun
 - D. sapuluh taun

(Baca téks ieu di handap pikeun ngajawab soal nomer 30 – 31)

(Pupuh Pucung)

*Laku lampah sajeroning hirup kumbuh,
campur jeung nu lian,
masing bisa mawa diri,
kudu akur dibarung silih hargaan.*

*Ka sasaha tong tinggal ti sopan santun,
nyarita sing adab,
teu kucem budi parangi,
tong baketut bisi batur ngajauhan.*

30. Guru wilangan jeung guru lagu pupuh di luhur nyaéta ?
A. 12u-6a-8i-12a
B. 12a-6i-8a-12i
C. 12u-6i-8i-12a
D. 12a-6a-8i-12i
31. Jumlah padalisan pupuh Pucung di luhur nyaéta
A. tilu
B. opat
C. lima
D. genep
32. Dina budaya Sunda loba tradisi katut tali paranti anu raket patalina jeung tatanén upamana
A. sérén taun
B. tujuh bulanan
C. puput puseur
D. ngaruat
33. Baca téks ieu di handap.

Pais Jambal Walahar

....
Di antara anu bieu ditataan, nya pais jambal anu pangkasohorna di Walahar téh. Kadé, lauk jambal anu dimaksud di dieu mah lain jambal roti anu sok diasin téa, anu dina basa Sunda disebutna lauk manyung. Tapi ieu mah lauk jambal anu hirupna di walungan. Prahna ayeuna mah pada nyebutna lauk patin. Aya ogé anu nyebutna téh patin jambal. Sanajan rupana ampir sarua, lauk patin mah habitatna di walungan anu caina tawar. Ari jambal roti atawa manyung mah habitatna di laut. Nu matak saupama urang ulin ka Pangandaran, loba anu daragang asin jambal roti.

Salah sahiji kacindekan anu bener dumasar kana bacaan di luhur nyaéta

- A. lauk patin hirupna di laut
B. lauk patin sok diasin
C. lauk patin hirupna dina cai tawar
D. lauk patin disebut ogé manyung
34. Baca téks ieu di handap.

Téks Paguneman

Farhan : “Punten badé tumaros, Pa. Manawi uninga bumina Pa Taryana?”
Tukang parkir : “Pa Taryana anu icalan barabadan di pasar Johar, kitu?”
Aisah : “Sanés ieu mah, Pa, tapi Pa Taryana anu pangsiunan mantri kaséhatan.”
Tukang parkir : “Pangsiunan mantri kaséhatan? Ké.. Ké...”
Farhan : “Anu sok nganggo sapédah ontél.”
Aisah : “Sering nganggo iket deuih.”
Tukang parkir : “Oh, Pa Taryana nu éta? Anu kacasocana kandel, nya?”
Aisah : “Tah. Muhun.”
Farhan : “Saurna, bumina teu tebih ti kantor pos.”

Farhan+Aisah : “Hatur nuhun, Pa.”

A. nanyakeun alamat
B. nanyakeun warung sangu
C. ngerjakeun pancén sakola
D. ngalongok babaturan

- ## II. Éssay

1. Jieun conto paragraf panutup dina biantara!
2. Sebutkeun 3 ciri-ciri novel!
3. Pék teguh wawangsalan ieu di handap.
 - a. Monyét hideung sisi leuweung,
susah nu taya tungtungna.
Wangsalna :
 - b. Buah seungit pinuh cucuk,
cadu teuing kudu balik.
Wangsalna :
4. Jieun kalimah pikeun nyieun poster ngeunaan kabersihan lingkungan!
5. Salin aksara Sunda ieu di handap kana aksara latén!

b. $\mathbb{Z}[\sqrt{2}] \subset \mathbb{Z}[\sqrt{2}]$ $\mathbb{Z}[\sqrt{2}] \subset \mathbb{Z}[\sqrt{2}]$